Абы къыкIэлъыкIуащ мы дунейм сыкъыщIытехьа си Iуэху нэхъыщхьэр. Си гороскопымкIэ - тэрэзэмкIэ - сыщIэтхэн тхыгъэ, е ахэр къыздэгъэкIын хуейт. ТIури фызэхъуIуащ къызэольытэ.

- Уи сабийгъэр, щIалэгъуэр щыбгъэкIуа Налшык-рэ абы и нобэмрэ тхуэзгъапщэт, Виктор.

- Налшык си дежкIэ къалэ къызэрыгуэкIкъым. Сыкъызэрыщалъхуэм, сыкъызэрыщIыхьуам, си лъагъуныгъэр къызэрыщызгъэуэтэн мэыщI, махуэм махуэр кIэлъыкIуэку щэ гуэр къыскуэзгъэх хэщIапIэу. Си гъащIэр зэрыщыгту Налшыкщ, абы гукъеуэ щиIэкIэ, сэри срисымаджэу. «Неповторимый Нальчик» зыфIэтщауа тхылъым къегъэльагъуэ, абдеж щызэхуэхьэсащ псом хэлъым хэдмахыну ди къалэм щыдгъэплапIэхэр. Гум къыбгъэдэкIыу тха зэрыкъэуара кыщIэкIынщ Налшык техуа лэжьыгъэ нэхъыфIу ар къыщIалъытат. Абы иIэщ блэкIам сыхэзыльэсэжь щIыпIэхэр, псалъэм папщIэ, «Детский мир»-м, Правительствэм и Унэм я бжэIупэхэр, «Налшык» хъэщIэщыр щыслъагъуэкIэ, IупщIу нэм къыIуедэз оркестрыр зэрыт абы и балконитIыр, крепдешин бостей зыщыгъ си анэмэра абы и гъусэ си адэмрэ, абыхэм ябгъэдзэ лIыр (иужькIэ къызэрыслащамкIэ, ар КIуащ БетIапт). Щхьэмэ жыгхэм (каштанхэм) я къэгъэгъэзэ зэманщи, абыхэм я дахагъэмрэ макъамэм и шэрашэмрэ зэхощыпсыхь, кьалэ щыкIым уэкIыхьэу.. ЖьасIэну сызыхуейращи, зыгуэр нэсу фIыуэ плъагъумэ, ар зэи ужьыхынукъым, зэрызыхэщIэм зиуэузжьынкIэ мэхъу, ауэ гурыщIэр кьоно.

- Налшык хуиту, гур утIыпщауэ ущыпсэун щхьэкIэ сыт узыхуэныкъуэу къэплытыгъэ?

- Гупсэхугъуэ, мамырыгъэ, пщэдейрей махуэм фIыкIэ дыпэзыгъапIэ гуэр. Сыт зэманми мыхъумыщIагъэ щыIащ, ауэ пасэм зи гугъу сщIахэр зызымыхъуэжт, щэсыпIэ щущIихь зэчын защIэт. Зэхъуэжыныгъэ лъэхъэнэм кьытхуэдэкIуа властым зыкIи сыкуэзарэзыкъым сэ. Лъэпкъ зэхащIыкIыр партэ Iуэхууи, коммунист Iуэхууи щыт хъунукъым, ар, Экзэцорни и псалъэкIэ жьпIэмэ, цIыхум хуэпщI пщIэрэ. Араущ цIыхьфэм я зэпуэгъэшхэм и щэсыпIэр. ПщIэр тфIэкIуэдри, цIыхухэр тIэщIэкIащ, гъэсэныгъэр Iэщ1ыб тщIыри - щалэгъуалэр хьэрэхуэкIэ дыхьэжащ. Ди жагъуэ зэрэхъунщи, къыкIуэтыжьпIэ щыIэкъым.

- Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыуэпсыр фIы дыдэу бощIэ, и щIыпIэ дахэхэм ущыгъуазэщ. Ди цIыхухэм зэщыдпльхьыну сытхэр яхуэфIэгъэльэгъуэнт?

- ДэнэкIи гъаз, тепльыджэ защIэщ. Сигу кьеуэр цIыхухэм я щIыпIэр зэрамыцIыхурщ, я тхыдэм зэрыщымыгуаззэрщ, я къуленгъэм зэрымыгушхуэрщ. Iуащхьэмахуэ лъапэ, Гуэл щхьэуантIэхэр, Шэджэм псыкъельэхэр - ахуэ ящIэр, уэххэм, бгъуэнщIагъэм, нэгъуэщI гъэщIэгъуэнхэм хащIыкIащ. Абы щыгъуэ къызгурыIуащ тлъагъу псор ди нэгум зэрыщIэкI къудейм деж къызэрыщымыувыIэр, абихэм щIэбзэ гъэщIэгъуэн зэрэIэр. Къэбэрдей-Балъкъэрыр зэрыкъуленат щэхуэхэм саIууащ 2000 гъэхэм, абдежым щегъэжьауэ нобэр къыздэсым абыхэм саIыгъщ.

- ДэнэкIи гъаз, тепльыджэ защIэщ. Сигу кьеуэр цIыхухэм я щIыпIэр зэрамыцIыхурщ, я тхыдэм зэрыщымыгуаззэрщ, я къуленгъэм зэрымыгушхуэрщ. ЩIыуэпс ІэщIагъэщ ЖаIэ я языныкъуэхэм, арами содэ, къэдгъэхуэтэ. Мэтр 78-рэ си куэдрэ щIыпIэ, и лъабжьэм уехмэ, зауэфаззэу Iэщ1ыбIаIуэу узрихьэлIэ щIыпIэхэр щIыуэпсым и Iэужьмэ, тепльыджащ, ауэ абы цIыхуIэ емыIусэуи си фIэщ хъурщ. Хэт гу лъэ1ыгъ, зыфIэгъэщIэгъуэнар а Iуэхур; инджжыпы1ыбзэкIэ къыдэкI «Таймс»-рщ, полякорщ. Дыдейхэр-щ? Зманрэ жэрдэмрэ яхуримыкъуэрэ?

Щымыла куэд къэдгуупсыу жаIэ. Кимериийскэ гъущI пыIэ къэдгъуэтакэри пцы шыпсэ?! Кърымым къикIыу Европэм «Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу лъэпкъхэм зэратеттыхьыным, ахэр зэрыпагэ цIыхухэр дунейпсо тхыдэм зэрыхиэхэм папщIэ- жиIэу Художественнэ зэхэмкIэ европей академием къыскхуигъэфэща дамыгъэр къахьэзгъэщхьхуI, къызыпэкIуар гугъу дызыдехьа, ауэ гузэгъэгъэу ин къызэзыта лэжьыгъэхэращи. Ауэ згъэнэхъыпIэпIэр жьлагъуэ дамыгъэхэрщ. Зы къэрал гулъытэ пэхъунукъым цIыхум къыпхуищI пщIэм, ар минкIэ нэхь лъагэщ.

- УткажIуэщ, ужурналистщ, тхылъ къыдэгъэкIыным ухуолажьэ. А Iэнатlэхэм я Iуэхукlэ сытым ущыгугъ1ыкlрэ, сытым уригумэщI1рэ?

- Журналистикэр хъыбарегъащIэ къыдэкIэ зэфIэкI зэрыхъуар си гуапэкъым. 1970 - 1980 гъэхэм жьпIэ мыхъуныр куэдт, ауэ цIыхуу зэхэщIыкIыр лъагэт. Сыт хуэдэ газетри къызэгуэхи, цIыху иткым, я цIэ къыщIалъэ къудей мыхъумэ. «Причастные к стране чудес» зыфIэтщауа тхылъым ихуагъ очерк хуэд, абыхэм хуэдизу си псэм газетхэми къыщилъыхьуэр.

Журналистикэр «сыкIуагъ, слъэгъуагъ, стхыжащ» жьхуэпIэракъым, ар уи Iуэху епIыкIэр цIыхухэм я деж нэзэрыпхьэс, зыгуэрым уэзэрыхэлIыфIыкIэ Iэмал гъэщIэджащ, къэгъэсэбэлън хуей къудейуэ ара щхьэ. Хъыбар егъэщIэн фIэжкIэ Iуэху имакIэмэ, журналистым и лэжьыгъэр Интернетым Iэщ1ихьнущ.

IуэхуэкIи я нэхъ хьэлъэр абыхэм зыри зэрыхуэмейращ. Тхылъхэм яIэ щIэупщIэм ижьырей илъэсипщIым хуэдипщIкIэ зэрыкIэрыхуар гум ёошыкъыпIи. Иджы ди Урысейм и тхылъ тедзапIэхэм я зэхуэсу Налшык щекIуэкIам щыжаIа бжьыгъэхэри гур хэзыгъэщIы: дунейм кьытехьэ тхылъхэм экземпляр мелуани 150-рэ кIэрыхуащ.

ЦIыхуэгъэ щэнхабзэм пэжьжьэщ, ауэ езы щэнхабзэр цIыхубзэм пэIэщIэ хуэхъункIэ Iэмал иIэжьым. Мис ар къыдгурыIуапхэщ, щэнхабзэмрэ лъэпкъ зэхэщIыкIымрэ бгъунлъэмэ, ди цIыхухэм я закъуэжьым, атIэ я къэралыр тфIэкIуэдынущ. Абы егъэлеяныгъэ лъэпкъ хэслъхьэрщым.

«Черкесы - воины и мастера» лэжьыгъэ телъыджэм ди деж зыри щыхуэмеIуэ къыщIэкIащ. Спонсор къыткъуэхъун дыщрихьэлIакъым ди хэкум, ар къыщыдгъуэтар Москвэщ, дызэрызэгурыIуам арэзы- дыдэ дыкъэшIуи сэуужьынукъым. Ар гуауэкъэтIэ, адыгэхэм, щэрджэсхэм апхуэдэ хэкуупсэ гуэр къэзэрыхэмыкIар. Щэрджэсхэм я материальнэ щэнхабзэр щыIэзэухъэса я апэ лэжьыгъэр бжьыхьэм дунейм къытехьэнущи, фльагъунущ тхылъым и кууагъыр, фымыгъэщIагъэуу къыззэрымынэуми щэч къытетхъэрхьым. Апхуэдэщ «Кабарда - гордость Кавказа, вольности щит» зыфIэтщауа, томищ хуэ лэжьыгъэр.

- Къулингъэ псалъэр щIыкуэ къэс къыззэрыгурыIуэр ешым абы щIыпхьэ мыхьэнэм ельытауэщ. Уи дежкIэ ар сыт, Виктор?

- Ар, си тхылъхэрщ. Ахъшэ къытхохьэр, ауэ абыхэм ди деж зыщIэлэжьэркъым, къыкIэпыкIуэ проектым хыдолъхьэ, сабий кьалъхуагъэщIэм хуэдэу дызэжьэ ди Iэдакъэщ1экIэм «псэ кьаIудогакIэ». Ахъшэр кIуэдыжьыну хьэпшыпщI, Пэжщ, унэ дахэхэр уиIэну Iейкъым, хамэ къэралым щыпсэуну уи нэгу зебгъэужьынри фIыщ. Ауэ си дежкIэ гъэщIэгъуэнкъым дунейр зэзгъэлъагъуну. Мы хэку цIыкIум си нэгу цыщIэкIыр куэдщ си дежкIэ: здэщи, къэсхутэн, згъэщIэгъуэн си гъащIэкIэ сыухынукъым Къэбэрдей-Балъкъэрыр, Кавказыр. Нэхъыщхьэр щIэ гуэр къасщIу, спъагъуу щIаджькIакIуэхэм деж нэсхьэсыфыныщ.

Тхылъхэм мылъкушхуэ кьытхуахьыркъым дз, куэдрэ къэхуэ хэтлъхьам хуэдизу къыщIыхэдмыхыж. Ауэ ар мылъкурщ. Псэм псэхугъуэу иригъэгъэтымрэ гъуэмылэ зэрыхуэхъумрэ я гугъу пщIымэ, ар куэдкIэ нэхъ лъапIэщ, дэтхэнэ зы лэжьыгъэми ар мыкIуэду къыпхъорокIыжь. «Кавказ», «Народы Кавказа», «История Кавказа» серизхэр лъапIэщ, зэгуэр си псэ Iыхьэ и гъусэу ди цIыхубзм я деж нэсыну защIэщ. Ар сэ си фIэщ мэхъу.

Мы зыри кьыхэзгъэщIыну сыкъуейт. ЗыгъэгъэтхэмыщIкIафэу, хьэмэрэ зыгуэркIэ зыгуэрым си щхьэр хуэзгъэлъхьэшэу аракъым, ауэ тхылъ кьыдэгъэкIыным дызэрыгэрыт илъэс 20-м кьэрал Iуэхущ1апIэ кьыбгъэдэкIыу зы сом тлъэгъуакъым, уней Iэнатlэхэм тхухахар кьэдбжьэжати, хуэгъэфэщащэ мин 210-рэ хуэдизу хьууэ аркъудейщ.

- Дауэ, Виктор, зэрызыбгъэпсэхуэр?

- Зыуи. Ди гупыр зэрыхъур цIыхуих къудейщ, тхылъу илъэсым 160 - 180-рэ, дыдейуэ зы-тIущ щыгъужу къыдыдогъэкI. Ар лэжьыгъэшхэущ, уи кьарри зэмани уемыблэжу узыпэрытын хуей Iуэхущ. Сэри язныкьуэхэм и деж сызыейщ зызгъэпсэхуну, ауэ сщIэну си мурадхэм, си гум щызгъафIэжьмэ псэхугъэ кьызэтырыкъым. Ауэ ар, ищхьэкIи зэрыжьсIащи, гугъуехь гуапэщ, узыгъэгъуфIэщ, узыгъэинщ. Куэзыр уджэгъу, уефэ-уешхэу ущыдгъэсыжьынкъым. Ауэ ар, зэманкIэ си сызыдэжр, атIэ си щхьэм щхьэкIэ зыгуэр щысщIэрщ, си псэр зыгъэзушэ Iуэху кьыщыдгъэжьэрщ.

Си узынщагъэр фIы дыдзу схужьыIэнукъым, си гур операгъэ ящIащ. Ари щIыуэпсым и щэху сщIэн хэмей гуэрым щыгъуазэ, абдежым зэрыгъэзэжащ. Ауэ аракъым Iуэхур, атIэ си лэжьыгъэр зэрысфIэфIырщ, кьыдэкI ди тхылъхэм гуфIэгъуэ ин кьыззэрызатырщ, кьэсхуэ щэхуэхэм кьапкърыкI хуабагъэрщ.

- Уи дежкIэ унагъуэмрэ лэжьыгъэмрэ дэрэ ябэ итыщ?

- Пэжьыгъэ-унагъуэ, жиIэу зэкIэлъысхьынт. ЗэрыфIщIэщи, си Iуэхур кьыздеIыгъ си щхьэгъусэм, зэгъусэу дотхэ. Ди сызэрыIуам тызоплъхьэ. Ауэ зэрахуэж. Си лъагъуэм языкъэри ирикIуакъым. Ди къуэр зэрыхьэт Iуэху зэхуэмыдэхэм хэтщ, диГэлIейтейркъым, гуныкьуэгъуэ лъэпкъ кьыдитыркъым. Зыльэкъэращи, турист зкьрычэт Iуэхум хэтщ, и щхьэ и унафэ ещIыжьмэ. МащIэ сэрэ ди Iуэхуэ кьыздамыIыгъ щхьэкIэ, зыр зыми зэрапн дыхуэзхьуркъым, лъэныкъуэкIэ укъепIлъмэ, дызэдзэмыIыжьмэ, ди Iуэхуэ зэрыщIэ ди мащIэкъым. Сэ, фи творчествэм дихьэх ныбжьэгъур, узынщагъэ бдзэ фиIэну, фи гум ильэ псори зыIэрыгъэхьэну сыньхьэхъуэхуну аращ.



я доктор.

КЪЭБЭРДЕЙ-БАЛЪКЪЭРМИ нэгъуэщI щIыналъэхэмэ Котляров Викторрэ абы и щхьэгъусэ Мариерэ я къыщалъхуа щIыпIэ дахэхэм, этнологием теухуа я Iэдакъэщ1экIэмкIэ. Тхылъ тхыным, къыдэгъэкIыным ахэр илъэс 20 хьуауэ толажьэ. Я ящэ тхылъэр 1992 гъэм щыIа Революцэм и щIэр зезыхъэ Республикэ полиграфкомбинатым хьихэ «Эль-Фа» тхылъ тедзапIэм къыщыдагъэкIауэ щытащ. ИтъэсибгъэкI кьрыубыдэу тхылъ 300-м щIигъу ящIат, абыхэм ящыщу «Кавказ литературэтхыдэ Олимп» (КЛИО) серием хьихьэхэр 50-м щIегъу.

(Iэжьыгъэ 50-м щIигъу здэтхащ Котляров эзэхъэгъуэсэхэм. Абыхэм ящыщ, псалъэм папщIэ, усакIуэхэу Щоджэнщыкlу Алий, Мечиев Кязим, щIэныгъэлI Гъэстэн Владимир, сурэтыщI Кlыщ Мухьэдин, нэгъуэщIхэми я тхуауа тхылъхэр. «Родной ландшафт» серием хьихэ буклет 11-р. «Кабардино-Балкария: природная жемчужина» серием щыщ сурэт альбомхэр, нэгъуэщI куэдм.

Абыхэм я зэфIэкIым, я дэжьыгъэм пэджж тхыгъэхэр мымащIэу щыIэщ, зэщхьэгъуэсхэм щэнхабзэм хуащIа хэпльхьэныгъэм куэдым гу лъатащ. Апхуэдэ тхыгъэхэм кIэщIу кьыхэтхащ мы къыкIэтыкIуэнухэр.

Щэнхабзэ фIыгъуэхэм я хъумакIуэ

Виктор! Марие! Фи гум фIы илъу фызэлэжь тхылъхэр Кавказым щыпсэу лъпкъхэр зэкъуэтыным, республикэм зэгурыIуэ илъыным я гъабжьэу си щхьэкIэ я кьысщохьу. Араущ дэтхэнэ зыри зыхуущIэкъун хуейр, Iуэхугъуэ зэхуэмыдэхэм кьыхэкIыу ар иджьынсту нэхъ дыдыгъэпIейтей, зы-хэтщIэ хъуащ.

Зыр зым кIэтыкIуэу дунеим кьытехьэ фи тхылъхэм кьагъэтагъуэ фызэрызэрыжьакIуэщхъуэр, абыхъэм ящыщ дзэтхэнэ зыми фи псэм щыщ Iыхьэ зэрыхэфIыхьэр. Мис а Iуэху бгъэдыхьэкIэм фыкьытемыкIыу иджыри къэдрэ фыIэжьхэну си гуапэщ.

ГЪУТ Iэдэм,
филологие щIэныгъэхэм я доктор.

* * *

...щЭНХАБЗЭР нэгум кьыщIэгъэхьэгъуейщ абы хэтъхьэныгъэщхъэ зэуэзыщIа хэм, и щыгтыкIэ тельыджэхэм, и щыгтыкIэ тельыджэхэр зыубзыхуахэм япэщIыкъуэу. Апхуэдэ дыдэуи кьалэн ин ягъэзащIэ нэгъуэщIхэм кьагъэщIар хъумэныр зи пщэрыпIуу къэзыпытэхэм. Котляровхэ Мариерэ щэнхабзэ фIыгъуэхэм я хъумакIуэ емызэшыжщ. Пэжыгъэмрэ зэныбжьыгъугъэмрэ, щIэныгъэм, гъуэзджэм, щэнхабзэм хуэлажьэхэмрэ абыхэм я Iэдакъэщ1экIхэмрэ хъумэныр, а псом хуэсакьыныр щхьэкIэ я гъащIэ Iуэху щIэщ. Абыхэм яхуэзэфIокI «мыбдеж, иджыпсту» щыпсэун, апхуэдэуи илъэсищ1 бжьыгъэкIэ, уеблэмэ д1ыщIыгъуэкIэ зэIэбэкIыжу, абы щыгъуэ щыIа гъащIэм «кьыдэгъэгурыкIуэфын». Гупсысэ сэ лъагэхэмрэ кьыззэрыгуэкI Iуэхуэмрэ тетыдджэу щызэщIожьыгъэ абыхэм я дунеим. Тхылъхэм зи гугъу щащI Iуэхуэхэр ящымыгъупщIу ящIэныгъэ, принэщхьеныгъэ, принудительнэ я кьыхуеджэныгъэ нэхъыщхьэр. Зэщхьэгъэсэхэм здатха тхылъхэр мыхъумыщIагъэм гущыкI хуозыгъэщIу, лъагъуныгъэмрэ зэгурыIуэныгъэмрэ укъыхуезыджэщ.

СМИРНОВЭ Наталье,
филологие щIэныгъэхэм я доктор.

* * *

...СЫТ лъэпкъхэр зэгъуэнэгъу зыщIыр, абыхэм я кум пщIы, ауэ зыщIы зэхущIыкIэ дэлъыным и лъабжьэр? Псом нэхърэ нэхъыщхьэр, сэ кьызэрыщIыхьмкIэ, зым и щэнхабзэм адрейр щыгъуэзэныр. Щэнхабзэм и бзэрщ зэгурыIуэныгъэм хуэузыщIэр. Аращ Котляровхэ Мариерэ Викторрэ зытелажьэр. Зи Iэщ1агъэм фIыуэ хэзыщIыкI цIыхухэм я Iэдакъэщ1экIэм ди щэнхабзэр кьагъэбгъэщ.

Котляров зэщхьэгъусэхэр си нэIуасэщ зэрыстудент гъландэрэ. Марие нэIуасэ щыслухэуэам щегъэжьауэ цIыху пэжщ, цIыху кьабзэщ, Виктор усыгъэр фIыуэ ильагъуу, гъащIэм и щыхьэнэр кьынIыхьуэу щытащ. ИтъэсхэрэкIуэурэ, ахэр литературэм хуэзыжь цIыху хъуахэщ, тхылъ куэдм дунеим кьытрагъэхьащ. Гуапэщ я щIалэгъуэм яхэтъа хьэл-щэн дахэр нобэми абы къэзыгъэщIагъэуэ ящIыкIэр.

Мариерэ Викторрэ - тхыдэджмрэ литературымрэ - зым и зэфIэкIым адрейм дыщIигъужу апхуэдэщ. Я щIэныкIыну гъэзэгъэщ, щыныгъэм хуаIэ я лъагъуныгъэр абыхэм сэбэп кьахуохьу гъащIэшхэм кьызыпэщIыхь тхылъхэр яткIынмкIэ.

БИТТИРОВЭ Тамарэ,
филологие щIэныгъэхэм я доктор.

* * *

КОТЛЯРОВХЭ Мариерэ Викторрэ я Iуэхуэ1апIэм кьыщыдэкI тхылъхэр пIы гъэну гуэхъэуэ, щIэбджьыкIыну гугъэзагъэщ, зыхуеI хуэзэу зэрытрадзам уи гукъыдэжьыр къеIэт. Ахэр адыгэ, балъкъэр лъэпкъхэм я щIыныгъэм, щэнхабзэм, гъуэзджэм хэлъхьэныгъэшхэу хуэзыщIа цIыхухэм зэратеухуам егъэлеяуэ ущогуфыкI. Тхыдэджхэмрэ этнографхэмрэ ди хэкуэгъуэм я щхьэм кьрикIуар кьызыфIэIуэху дэтхэнэми я дежкIэ ахэр хъуГуэфIыгъуэ инщ.

Иджыпсту редакцием и лэжьакIуэхэм зэхуэдэу «Эмиграция», «Чужбина», «Семейные реликвии», «Священная война», «Дорогие имена» тхылъхэм нэхуэ ну тхыгъэхэмрэ суратхэмрэ. Мыбдыхэм хуэдэ Урысейм и гъунэгъу къералхэм-ми дунеим кьыщытехьа-кьым.

ЩIэныгъэ лэжьыгъэхэр щызэхуэхьэса, тхыдэм, литературэм, бзэщIэныгъэм, экономикэм, медицинэм теухуа монографиехэр, Хэку зауэщхуэм и ветеранэхэм я гукъэкIыжхэр зэрыт, роман, повесть, усыгъэ тхылъыщ щ1ыгъэхэр кьыщыдэкIащ Мариерэ Викторрэ я тхылъ тедзапIэм. Ярэби, псори мы зэрыжаIэм хуэдэ дыдэу фIыуэ пIэр? - жьыIэнри щIэджьыкIакIуэхэм кьаухъунщ. Пэжщ, ныкъуэныгъэ гуэрхэри щыIэщ, ауэ ахэр мащIэ дыдэщ икIи нобэ жьыгIэну и зэманкъым. Щ1ы зыхэмыгъэр зыщ: Котляров зэщхьэгъусэхэр хьэрычэтыщIэу жьпIэ хъунуми, кьышцпкIыу кьуелейкъым, машинэ пIэпIэхэм искъым, уняшхуэ яIэу щыпсэукъым, банкхэм ахъшэ хъуIэ щахьумэуи си фIэщ хъуркъым. Я ныбжьэгъу пэжыр цIыхум и хъугъуэфIыгъуэ пэжыр нн дыдэ тхылъраращ, абы Мариерэ Викторрэ хуолажьэ хьэлэну.

КУЗЬМИН Валентин,
тхакIуэ.

Зыгъэхьэзырар
БЛИЙ Даянэщ.

Зэрыхуейм хуэдэу

● Футбол

Балэ Рустам (№25) хьэщIэхэр егъэпIейтей.

«Спартак-Налшыкыр» йобгъэрыкIуэ.

«Спартак-Налшык» (Налшык) – «Химки» (Мэскуу область) - 1:0 (0:0). Налшык. «Спартак» стадион. Жэпуэгъуэм и 15-м. Щыху 1300-рэ епльащ.

Судьяхэр: Казьменкэ, Березнев (тIурИ Дон Iус Ростов щыщщ), Фролкин (Краснодар).

«Спартак-Налшык»: Коченков, Багаев, Овсиенкэ, Чернышов, Засеев, Замалиев, Балэ (Коронов, 46, Абазэ, 89), Татарчук, Сирадзе (ГъуэщокIуэ, 70), Щоджэн, Дорожкин.

«Химки»: Гаврилов, Кузнецов Андрей, Померкэ, Даниловский, Соболев (Комков, 62), Хатаженков, Мамаев, Гвазавэ, Ромащенкэ (Воронкин, 60), Кузнецов Евгений (Александрэ, 86), Кузьмичев (Калимуллин, 68).

Топыр дигъэкIащ: Сирадзе, 54 (1:0).

Дагъуэ хуащIащ Овсиенкэ, Даниловскэм, ГъуэщокIуэм.

Джэгум кьыхахуащ Овсиенкэ.

«Спартак-Налшыкыр» джэгукIэфIым техьащ. Абы и щыхьэтщ нужырей зэлуIщIблым кьыхэзрыщыхьамыгъэщIэфар икIи а лъэхъэнэм кьриубыдэу зэ фIэкIа и гъуэр кьыхэзрыхамыгъэщIар. КърикIуэри нэрылъагъущ - ящэ дивизионым и пашэхэм ящыщ зы хьуащ.

Ди щIалэхэр нэхъ хуэмыхуэхэм щIагъуэу зэрадэмыджэгур мы гъэм мыхьэмыгIэу ягъэлъэгъуащ. Сыт и уасэ, кьапщтэмэ, ящэ дивизионым кьыхьихьагъащIэ «Петротрест»-м Налшык щыIэу 0:2-уэ кьыхэзрыхьгъэщIар. Абы дерс гъэрхэр кьыхахауэ фэ тетщ. Апхуэдэу кьытщигъэхьуащ блыщхь кIуам «Химки»-м дригъэкIуэкIа зэIущIэм.

Футболист цIэрыIуэ Тетрадзе Омари зи тренер нэхъыщхьэ хьэщIэхэр турнир таблицэм и нужь дыдэ увыпIэм кьыщыхутащ. Абы къикIын папщIэ яльэкI къагъанэркъым икIи я дэтхэнэ джэгуегъуэри иужьрей дыдэм хуэдэщ. Араш нобэрей «Химки»-р щIэшынагъуэр икIи утеплъэкькI щIэмыхьунур.

ХьэщIэхэм яхэту кьыттпэщIэтащ нэхьапэм Налшык щыджэгуаехэу Гвазавэ Левани, Хатаженков Владислав, Кузьмичёв Владимир, Калимуллин Рустем, Комков Михаил сымэ. Ахэр яхьуэжьыну хьэзырт мы гъэм и гъатхэм ди гъуащхьэтету щыта Будаков Александррэ гъуащхьэхьумэ Филатов Валентинрэ. Абыхэм кьищынэмыщIауэ, Тетрадзе и дэIэпыкьуэгъут «Спартак-Налшыкым» илъэс куэдкIэ щыджэгуа икIи и тренерхэм ящыщ зыуэ щыта Трубицын Сергей. Дауи, а псомэ фIы дыдэу ящIэрт налшыджэхэм я тIасхъэ псори икIи хэм я команд кьыхэхахэм ираджа Джудович Миодраг (Черногорие), Захирович Аднан (Боснирэ Герцеговинэрэ), Чеботару Евгений (Молдовэ), Болэ Руслан (Урысей Федерацэм и ныбжьыщIэ гуп) сымэ зэрахэмыгтыр. А псом ищIыужкIэ, плIэнейрэ дагъуэ кьыхэзрыхуащIам кьыхэкIыу, мы зэIущIэр блигъэкIын хуейт Рухайа Гуджэ.

Апхуэдэу щыт пэтми, «Спартак-Налшыкыр» гуп зэкъуэту утыку кьихьащ. Зэрихабзэу, абы япэ щыкIэ и гъуэр кьригъэбыдэкIащ, итIанэ ебгъэрыкIуэныгъэ лъэщхэр кьыхэзрихьэпэщу хуежьащ. АрщхьэкIэ абыхэм я хьер щIлъэгъуар джэгум и етIуанэ Iыхьэщ.

Загъэпсэхуу кьихьэжа нужькIэ налшыкдэхэм я ебгъэрыкIуэныгъэхэр нэхъри щIагъэхуэбжащ. ХьэщIэхэм ахэр яхуэзтекIуэн щыуэ щыIэ 54-нэ дакьикъэм Сирадзе Давид бжыгъэр кьыхэзIуихащ. Ар жыжьэу щыту топым Iэ5эу икIи лъэщу еуащ. ХьэщIэхэм я гъуащхьэтетым абы зыри хуещIакъым.

Иджыри зэман куэд кьэнэжа пэтми, бжыгъэр зэхуэдэ зэращIыжыфын кьаеу хьэщIэхэм ябгъэдэлъэткъым. Налшыкдэхэмэ я гъуэм темыплъэкъукIмэ нэхъ кьащтэрт икIи я кьаеу кьыхэзрихькIэ щIебгъэрыкIуэн щхьэусыгъуэ яIэтэкъым. Арати, текIуэныгъэр кьаехуэзыхь бжыгъэр мыпIащIэурэ яхьумащ. Пэжщ, джэгум и иужь дыдэ дакьикъэм ар ягъэбгъэфынут. АрщхьэкIэ, абы и пIэкIэ, я гъуащхьэхьумэ Овсиенкэ, зэкIэлъхьэужьу тIэунейрэ судьям дагъуэ кьыхэкуащIри, зэIущIэм кьыхихуащ.

Джэгуегъуэ блэкIам щытекIуащ ди хьэрхуэрэгъу нэхъыщхьэхэрр. Абы кьэокI бэнэныгъэр нэхъри зэрызэщIэпIэр икIи зы очкои адэкIэ бгъэкIуэд зэрымыхьунур.

Иджы фыщыдогъэгъуазэ адрей командэхэр ижьыу зэрызэдэджэгуам кьарикIуа бжыгъэхэм: **«Урал»** (Екатеринбург) - **«Нефтехимик»** (Нижнекамск) – 3:0, **«Металлург-Кузбасс»** (Новокузнецк) - **«Уфа»** (Уфа) - **0:1**, **«СКА-Энергия»** (Хабаровск) - **«Балтика»** (Калининград) - **1:0**, **«Торпедо»** (Мэскуу) - **«Сибирь»** (Новосибирск) - **1:1**, «Волгарь» (Астрахань) - **«Томь»** (Томск) - 0:1, **«Салют»** (Белгород) - **«Ротор»** (Волгоград) - 1:0, **«Петротрест»** (Санкт-Петербург) - **«Шинник»** (Ярославль) - 3:1.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и ящэ дивизионым 2012-2013 гъэхэм зэхьэзэхуэр зэрящIекIуэкIыр

	Командэхэр	Дж.	Кь.	З.	ФI.	Т.	О.
1.	«Томь»	15	10	3	2	30-18	33
2.	«Урал»	15	9	4	2	33-10	31
3.	«СКА-Энергия»	15	8	5	2	19-10	29
4.	«Спартак-Налшык»	15	8	3	4	14-12	27
5.	«Уфа»	15	7	2	6	16-17	23
6.	«Балтика»	15	6	5	4	16-15	23
7.	«Ротор»	15	6	4	5	11-12	22
8.	«Нефтехимик»	15	6	4	5	21-19	22
9.	«Сибирь»	15	6	4	5	18-17	22
10.	«Енисей»	15	5	5	5	15-15	20
11.	«Петротрест»	15	5	3	7	16-20	18
12.	«Волгарь»	15	3	7	5	11-16	16
13.	«Торпедо»	15	3	7	5	10-16	16
14.	«Салют»	15	3	5	7	11-16	14
15.	«Шинник»	15	3	4	8	10-18	13
16.	«Металлург-Кузбасс»	15	3	3	10	8-16	12
17.	«Химки»	15	1	4	10	9-20	7

ТекIуэныгъэр кьытхуэзыхьа топ закьуэр дэзыгъэкIа Сирадзе Давид.

Джэгукlэ дахэ.

ЗэIущIэ нэужьым

ТЕТРАДЗЕ Омари, *«Химки»-м и тренер нэхъыщхьэ:*

КIэух бжыгъэр гум къонэ

- Мы зэIущIэр лъэныкъуитIми зэхуэдэу едгъэкIуэкIауэ къызэрыкIыжащ. Пэжщ, налшыкдэсхэм тепщэныгъэр мащIэу нэхъыбэрэ яIыгъащ. ЖысIэфынукъым абыхэм топ дагъэкIыну Iэмал куэд еттауэ, ауэ ди гъуащхьэхьумэхэм я щыуагъэ закъуэр кьагъэсэбэлыфащ. Сыти жыIи, кIэух бжыгъэр гум къонэри, адрейхэр ящоГъупщэж. «Спартак-Налшыкым» и текIуэныгъэмкIэ сохъуэхъу.

ШЫПШ Тимур, *«Спартак-Налшыкым» и тренер нэхъыщхьэ:*

ТлъэкI къэдгъэнакъым

- ТекIуэныгъэм хуабжьу дыщогуфIыкI икIи кьыдэжщIа псоми абыкIэ дохьэхъу. Дэ Iэмал нэхъыбэ диIащ икIи текIуэныгъэм нэхъ дыдэ зэрыгъэнэгъуащ. Зыми тлъэкI кьэдгъэнакъым икIи щIалэхэм я кьаеу псори джэгум халъхьащ. Иджы гукъыдэж хьарзынэ диIэу -Балтика-м зыхуэдгъэхьэзырынущ.

- Хьарзынэу джэгуа Сирадзе сыт щIэпхъуэжар?

- Ар езыр кьыдэлъэIуащ. Абы и пIэкIэ джэгупIэ губгъуэм идгъэхьащ кьызэрыгъэхьхьэжрэ махунтI фIэкIа мыхьуа Гъэущокъуэ Арсен.

- Нобэ зэIущIэм кьыхахуа Овсиенкэ кьыкIэлъыкIыу джэгугъуэм зэрыхэмытыр Iенуэ зыхэфIщIэну?

- Дауи, дэ дыщIэщIэнум ирихьэлIэу Джудович, Захирович, Чеботару, Болэр, Руслан сымэ кьызэрытхьэжьынур.

ЬЭТАУИслъам.

Адыгэ щэнхабзэм, бзэщIэныгъэм, литературэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIа, гъащIэм лъэужьыфI кьыхэзына цIыху телъыджэ Къардэн Бубэ кьызэралъхурэ нобэ илъэс 95-рэ ирокъу. Мы махуэм и щIыхькIэ Мэлбахьуэ Тимбэрэ и щIэзыжьэ Лъэпкъ библиотекэм щыдогъэлъапIэ Къардэным и Iэдакъэщ Iэкъ Iхэр.

Къардэн Бубэ и сэлэт гъуэгуанэр

● Фэеплъ

ТХЫЛЪХЭР щыуэ дгуэшащ. Ягъ Iыхьэм хэдгъэхьащ и художественнэ тхыгъэхэр. Апхуэдэщ и рассказхэмрэ повестхэмрэ щызэхъуэсса «Гуимыхужьхэр», «КIыхьщ зауэ гъуэгур», «Сэлэтым и гъуэгуанэ», «Бжьахъуэ», «ЗэхэгъэкIыпIэ», «Обыкновенное задание», «Комбат» тхылъхэр. Бубэ и художественнэ тхыгъэхэр зауэм ипсычэ лIыгъэмрэ хахуагъэмрэ кьагъэщIауэ зыгъэгъуэтыжащ. И рассказхэми повестхэми тегъэщIапIэ яхуищIыр зауэлI кьаеэнхэр зыгъэзащIэу зи Хэкур нэмыцэ фашистхэм ящызыхъума сэлэтхэм, сержантхэм, офицерхэм эрахьа лIыгъэ гъунапкъэншхээрщ. Абы и тхыгъэхэм щынэрылъагъущ лъэпкъ куэдым кьахэкIа зауэлIхэр псэемыблэжу хахуэу, зэхуэхьэлэлу, ныбжьэгъуГэкIэ зэхуэпэжу зауэ хьэлъэм зэрыхэтар.

Гъэлъэгъуэныгъэм и етIуанэ Iыхьэм хэтлъхьащ Къардэным адыгэбзэм хуищIа хэлъхьэныгъэр нагуэ зыщIа лэжьигъэхэр: «Кабардино-русский фразеологический словарь», «Фразеология кабардинского языка», «Семантико-стилистические функции устойчивых выражений в прозе А. Кешокова»», «Кабардино-русский словарь», «Русско-кабардинский словарь» тхылъхэр. Мы иужьрей псалъэалъитIыр зы гуп хъууэ ягъэхьэзырами, филологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор, тхакIуэ гъуэгуанэ Къардэн Бубэ и гуащIэ ин хэлъщ 50 гъэхэм ахэр Москва къыщыдэкIауэ зэрыщытам. Адыгэбзэр иджырей бзэщIэныгъэм и хабзэм тету джынымкIэ, адыгэ литературэбзэм зегъэужьынымкIэ, зиуэзэщIынымкIэ сэбэпышхуэ зыпылъ Iуэхугъуэ куэд зэфIигъэкIащ Къардэным. Абыхэм фIыуэ щыгъуазэщ ди лъэпкъ литературэм, бзэм, щэнхабзэм пэгъунэгъу дэтхэнэри. Зэман дэкIыку нэхъри дыхуей мэхъу щIэныгъэлIым и Iэдакъэщ Iэкъ Iхэм. Абы щыхьэт тохъуэ «Къабардей-урыс фразеологие», «Урыс-адыгэ псалъалъэ» лэжьыгъэхэр ди щIэджыкIакIуэхэм щIэх-щIэхыурэ кьызэращтэри. Ахэр щIэрыщIэу кьыдагъэкIыжамэ, школым щIэсхэм я дежь щегъэжьауэ едкапIэ зэхуэмыдэхэм щеджэ студентхэм, егъэджакIуэхэм, щIэныгъэлIхэм яхуэщхьэпэныгъ.

Ещанэ Iыхьэр зытедухуар тхакIуэм адыгэбзэкIэ зэридзэкIа тхыгъэхэрщ: Лермонтов Михаил и «Ди зэманым и лIыхъужь», Шолохов Михаил и «ЩIыщIэ къэIэта» романхэр, нэгъуэщIхэри.

Къардэн Бубэ и цIэр щIэблэм ящымыгъупщэн папщIэ, кьыщIэна и лэжьыгъэхэм гулъытэ нэхъыбэ яхуэтщIыну ди кьалэнщ. Абы хуэфащэт и тхыгъэ нэхъыбIхэр щызэхуэхьэса тхылъ кьыдагъэкIыжыну.

БЕЗЫР Ленэ,
лъэпкъ библиотекэм и лъахэхэтэ къудамэм и лэжьакIуэ.

● Дунейм и телъыджищэ

Эмпайр-Стейт-Билдинг унэ лъагэр Нью-Йорк зыгъэдахэхэм ящыщщ.

Абы и тхыдэм гъэщIэгъуэн гуэрхэр хэлъщ. Псалъэм папщIэ, ар ухуэныр кьыхэзыльхьар «Дженерал Моторс» компаниер кьыззэзыгъэпэща Раскобэ Джонщ, 1930 гъэм абы архитектор Iамбэ Вильям иригъэлэжьу щIидзащ метр 381-рэ зи лъагагъэну щытыну унэм и проектым. 1930 гъэрат ар, «Гъубж фIыщIэ» зыфIаща махуэм (1929 гъэм) и ужькIэ (Уолл-стрит тет биржэр зэтещахэу, американхэм я мылъкур щафIэкIуэдарат) зы илъэст дэкIари, куэдым я фIэщ хъуртэкъым Раскобэ кьрихьэжьар и кIэм хунэгъэсыну, уеблэмэ кризисым зэщIнубыда Америкэм абы зыкIи хуэмыныкьуэхэр щымащIэтэкъым, ауэ зи мылъкур зыхъуумэфа закъуэгъакъуэхэм ящыщ «Iыр кьахунIуэтакъым. Зы нтъэсым кьрихубыдэу унэр кьызэфIагъэуваш, махунпщIым кьат 14 щыдращея кьэхьуу.

1972 гъэ хъухукIэ Эмпар-Стейт-Билдингращ дуней псом унэ нэхъ лъагэу щыIар (1972 гъэм Чикагэ дащыхьа Сирс чэщанэр кьызэIуахыху).

Мы унэр я хэщIанIэщ Iуэхущ Iапэ бжыгъэншхэм.

● Бахьсэн куей

Интернет дерсхэр

Бахьсэн кьалэм и курыт еджапIэхэм интернет дерсхэр щрагъэкIуэкI.

КУЕЙ администрацэм егъэджэныгъэмкIэ и кьудамэм и Iэтащхьэ Аибот Людмилэ щыгъуазэ дыдэрилъагъэмкIэ, мыбы и кьалэн нэхъыщхьэр кьыдэкIуэтей щIэбэлэр фадэмрэ наркотикымрэ демыгъэхьэхьынырщ.

Дерсхэм жыдэжру хэтщ илъэс 12-16 ныбжьым ит еджакIуэхэр. А Iуэхум хуэхаха интернет напэкIуэцIым ахэр щрагъэпIъ цIыхум и узынщIагъэмрэ и гъащIэмрэ зэранагъэ ин кьаехуэзыхь икIи 21-нэ лIэщIыгъуэм и узыфэ щынагъуэ дыдэхэм ящыщу кьаныпэ наркоманиемрэ абы и Iэужь Iейхэмрэ ятеухуа фильмхэм, тепIъэгъуэхэм. Апхуэдэу а сайтхэм еджакIуэхэм я упщIэ кьудым я зэуап кьыщагъуэт.

Зи гугъу тщIы Iуэхум кьыхэшащ егъэджакIуэхэр, дохутырхэр, адвокатхэр.

Интернет дерсхэр Бахьсэн куейм и жылагъэ псоми щрагъэкIуэкIыну я мурадщ.

ЖАНЭТ Зуэр.

Прохладнэ кьалэр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 247-рэ зэрырикъу ягъэльапIэу Европэм и лъагапIэ нэхъ ин дыдэм абы и ныпыр щыхатIащ. Iуащхьэмахуэ щыгу ныпыр дракьвящ Прохладнэ дэт, Кьалмыкъ Виктор зи унафэщI «Азимут» турист клубым кьепха Урысейпсо студент кьегъэлакIуэ корпусым и гупым щыщ цIыхуитхум. Абыхэм я пашэ Леонтьев Андрей Iуащхьэмахуэ дэкIыныр хабзэ хуэхъуащ: абы и щыгум 200-м щIигъурэ нэсащ. Гупым яхэта анэ ныбжьыщIэ Петровэ Аннэ 2008 гъэм Европэм и бгы нэхъ лъагэ дыдэм дэкIыфа цIыхубз закъуэщ икIи Iуащхьэмахуэ псынщIэу дэкIуеинымкIэ зэхэта IV international ELBRUS RACE зэпеуэм щытекIуащ.

Мы Iуэхугъуэм хэтахэм зэрыжаIэмкIэ, фIыуэ ялъагъу кьалэм и махуэшхуэр абыхэм я дежкIэ лъапIэщ.

Зыгъэхьэзырар **НАФIЭДЗ Заремэщ.**

Iуащхьэмахуэ щыгу щыхатIэ

Наркотикым фIым ухуишэркъым

УФ-м Наркотикэм е6ныныкIэ и федеральнэ IуэхущIапIэу КъБР-м щыIэм афиныр игъэкIыныр мылъку хэхьпIэ зыщIыну хэта, республикэм щыщ цIыхуитIым ятеухуа уголовнэ Iуэху кьиIэтащ. Щэч зыхуащIхэм мэзкуу дилерхэм ядэлэжьныр зэтрадухуэну хуиэсакъым, наркополицейхэр зэран ящухъурь.

IУЭХУМ къызэрыхэщIыкIэ, налшыкдэсхэр зэгурыIуэри, Мэзкуу кьикIыу гашиш кьыхурагъэшэну зэрахуэлIащ. АвтобускIэ кьыхуаша наркотикхэр кьаIэрыхьа нэужь, «нэхъ тыншу хьума хуэ папщIэ», тIэкIу-тIэкIуу ягуэшащ.

Махуэ зыбжанэ дэкIауэ, ягъ Iыхьэр ирагъэкIыну яужь ихьащ. АрщхьэкIэ, КъБР-м щыIэ НаркоIуэхущIапIэм и лэжьакIуэхэм ар кьызэпаудри, гашишыр щэхуакIуэм дежь нэсакъым.

Щэч зыхуащIхэр кьыщащым гашиш грамм 13 кьыкъухащ. Абыхэм ящыщ зым и фэтэрыр кьыщапщытэм кьэнар - грамм 42-м щIигъур - Iыхьэ щIыкIу 82-уэ гуэшауэ кьагъуэтащ.

Iуэхур зэхэгъэкI.

ДЫГУЛЫБГЪУ Жантинэ.

● КъБР-м и прокуратурэм

Адрейхэр къалъыхъуэ

КъБР-м и прокурорым и къуэдзэ Махуэ Артур иригъэкIуэкIа зэIущIэм щыхэплъащ КъБР-м СледствиемкIэ и IуэхущIапIэм и следователь Джэрыджэ М., абы и адэ, федеральнэ судыщIэ Джэрыджэ А., Урысейм и МВД-м Киров областым щиIэ управленэм и «Яранский», «Слободской» муниципальнэ зэхуакъ кьудамэхэм яубыдахэр пIалъэкIэ щаIыгъ я изоляторхэм я полицэ хъумакIуэхэу Лаптев В., Болтенков Ю., ФСБ-м и Къэбэрдей-Балъкъэр управленэм и Бахьсэн куей зэхуаку отделым и оперуполномоченнэ нэхъыжь Алокъуэ А. сымэ Налшыкрэ Бахьсэнрэ я щIыналъэхэм зэрыщатеуам теухуа уголовнэ Iуэхур зэрызэхагъэкIым.

Зэхыхьэм хэтащ следствие, къарузехьэ IэнатIэхэм я лIыкIуэхэр. КьызэрахутамкIэ, а щIэпхъаджагъэхэр я Iэрыкъ щ хабзэм кьемыэгъуу зызэщIэзыузэдауэ республикэм щызеуэ гупхэм хэтхэм. Хьэгъэщагъэр зылэжьахэм ящыщ зыбжанэр кьыщIагъэщащ икIи зыкъамыту хабзэхъуэмэхэм IэпщIэкIэ кьащыпэувым, яукIащ. Адрейхэр къалъыхъуэ.

ЗэIущIэм кьыщащтащ зэуIуу ирагъэкIуэкIыну зэхэгъэкIыныгъэ-къэлъыхъуэныгъэ лэжьыгъэхэм ятеухуа унафэ.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Iуэхущ Iапэ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Жылаев Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖЬЖЕЙМЫХЬУ Мариндж** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Мариндж** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Истэман Залинэ, НэщIэныджэ Замирэ, Къардэн Маритэ, Хьэжыкъарэ Аликъ, Щхьэщмыщ Иэз.**

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ къыдагъэкI.



360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5, епщIапIэ къат.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретарнатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъэмрэ лъэныкъуэхэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; цIыхубзмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъуэ Iуэхущ Iапэхэм я лэлэжьэныкъо - 42-60-53; хьыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджакIуэхэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдэзекIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемкIэ - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ Iапэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Къаншокъуэ Эллэ,** редактору **Жьжеймыхьу Мариндж,** корректорхэу **Щоджэн Инэ** *(1, 3-нэ нап.)*, **Щоджэн Заирэ** *(2, 4-нэ нап.)*. **Корректорхэм я дэIэпыкьуэгъу Мырэжьан ФатIимэ.** *Компьютеркъэ газетым и теплъэр ищIащ* **Ныр Сандэ, Мэлбахьуэ Анжелэ,** *суратхэм елэжьар* **Бицу Жанищэ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Iэнатlэм щагъэхьзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 4.744 ● Заказ №2753

Iыгъ хьэмпэ зэрыщIэтыр: Налшык къалэ, Ленин ур., 5, 3 къат. Телефонхэр: 42-35-75, 42-35-76.

Газетым Iэ тедзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 4.744 ● Заказ №2753

Iыгъ хьэмпэ зэрыщIэтыр: Налшык къалэ, Ленин ур., 5, 3 къат. Телефонхэр: 42-35-75, 42-35-76.

Газетым Iэ тедзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 4.744 ● Заказ №2753